

Aja Lali Dedonga

NAMA :

KELAS :

NO. URUT :

Isinen gladhen ing ngisor iki kanthi *klik* jawaban kang bener!

1. Cita babagan kidang kencana kalebu ana ing cita apa?
 - a. Ramayana
 - b. Mahabharata
 - c. Lakon kepaten
 - d. Lakon menang
2. Cita kidang kencana aweh pitutur luhur saka paragane. Paraga ing sakjroning cita kang kalebu lakon apik yaiku...
 - a. Rahwana
 - b. Kalamarica
 - c. Rama
 - d. Marica
3. Sapa paraga kang malih dadi kidang kencana manut dhawuhe Rahwana?
 - a. Sinta
 - b. Jatayu
 - c. Kalamarica
 - d. Dasamuka
4. Sapa jenenge paraga kang ngancani Dewi Sinta nalika ditinggal Rama golet kidang kencana?
 - a. Rama wijaya
 - b. Resi Jatayu
 - c. Kalamarica
 - d. Lesmana
5. Sapa kang didhusta (dicolong) Rahwana lan digawa kabur?
 - a. Dewi Widowati
 - b. Dewi Sinta
 - c. Dasamuka
 - d. Lesmana
6. Ing cita kidang kencana, Rama dikongkon njupuk kidang. Sapa sing ngongkon Rama?
 - a. Lesmana
 - b. Janaka
 - c. Dewi Sinta
 - d. Kalamarica

7. Sapa kang memba-memba dadi wong sepuh lan njaluk-njaluk ing Dewi Sinta?
- Lesmana
 - Sinta
 - Kalamarica
 - Rahwana
8. Kaya apa wujud kidang kencana nganti garwane Rama pengin nduweni?
- Kidang kang awujud emas
 - Kidang biasa
 - Kidang kang werna sokelat
 - Kidang kang ajaib
9. Apa makna simbolis saka kidang kencana ing crita Ramayana?
- Kakuatan
 - Semangat
 - Kawicaksanaan
 - Tipu daya
10. Nalika kidang kena panahipun Rama, lajeng kepireng swantenipun kidang ingkang mbengok “Oh Sinta.. oh Lesmana” lajeng malih dados buta.
Apa tegese “swanten” ing pethikan crita Ramayana?
- Swara
 - Krungu
 - Kena samubarang
 - Memper
11. Nalika Sinta didhusta, ana paraga kang ngupaya nulung yaiku manuk Jatayu. Apa wujud manuk Jatayu?
- Garudha
 - Merak
 - Kenari
 - Jalak
12. Rama, Sinta, lan Lesmana di asingke ing alas jenenge apa?
- Alas Wanara
 - Alas Dhandhaka
 - Alas Roban
 - Alas Purwa

13. Saben crita duwe tema kang dadi gambaran umum isi crita. Tema crita Ramayana yaiku...

- a. Katresnan
- b. Kabudayan
- c. Kepahlawanan
- d. Sesrawungan

14. Apa pitutur luhur kang bisa dijupuk saka crita kidang kencana?

- a. Apa wae kang endah rupane durung mesthi bagus atine
- b. Apa wae kang endah mesthi apik
- c. Wong kang sregep tetulung angel uripe
- d. Aja seneng tetulung

15. Saka crita Ramayana, kewan kang pengin di duweni dening Dewi Sinta yaiku...

- a. កាំរស្មីព័រ
- b. កាំរស្មីហ្វូរ
- c. ក្រហម
- d. ហ្វូរក្រហម

ហ្វូរក្រហម